



Fondasyon W.K. Kellogg
Responsab Kominikasyon
Vil Meksiko oubyen Etazini

REZIME EGZEKITIF

Fondasyon W.K. Kellogg, yon enstitisyon ki pran kòn lan nan ede kominote kreye kondisyon timoun bezwen pou boujonnen yo, ap chache nominasyon ak òf pou pòs **Reponsab Kominikasyon** pou **Pwogram li yo pou Amerik Latin ak Karayib la**. Nan travay nan yon ekip ki ap genyen nan tèt li Visprezidan Kominikasyon an epitou nan fè rapò pou Direktè Kominikasyon an ak pou Direktè Pwogram pou Amerik Latin ak Karayib la, nouvo Responsab Kominikasyon an pral egzekite estrateji entèn ak ekstèn fondasyon an ansanm ak Responsab ki ap jere estrateji sila a sou teren an atravè rezo fondasyon an. Responsab kominikasyon an ap yon moun ki kapab rakonte istwa, ki genyen matirite epi ki konpetan, ak kapasite pou redije materyèl ki ap kapte atansyon publik la sou idantite fondasyon an, misyon li, pwogramasyon li epi enpak li. Li ap met ansanm ak ekip Amerik Latin ak Karayib la pou emplamente yon estrateji kominikasyon ak èd sosyal pou sansibilize moun epi fè avanse enpak sosyal priyorite fondasyon W.K. Kellogg yo. Responsab Kominikasyon an ap sitou genyen responsabilite pou rakonte istwa fondasyon an nan peyi Dayiti ak peyi Meksik. Ki vle di: jere relasyon medya yo ansanm ak platfòm rezo sosyal yo, redije tèks editorial bon jan nivo, maksimize travay ak relasyon fondasyon an pou fè chanjman istwa a vanse, epitou lòt aktivite kominikasyon ak èd sosyal enpòtan. Nouvo Responsab Kominikasyon an ap genyen responsabilite tou pou yon ti kategori relasyon ak benefisyè yo ki konsantre li sou kominikasyon yo.

Pou fè misyon li vanse, Fondasyon W.K. Kellogg kreye yon kad pou priorize desizyon envestisman yo pou reyalize rezulta eskonte yo. Nan maksimize modèl fondasyon an ki chita sou yon matris oubyen sou yon rezo, Responsab Kominikasyon an pral kolabore kole sere ansanm ak staf pwogram lan epitou ak dirijan yo nan fondasyon an pou yo tabli estrateji ak objektif yo pou pòtfèy sibvansyon yo nan de (2) peyi yo. Modèl travay an kolaborasyon sila a pozisyonnen Responsab Kominikasyon yo non sèlman kòm "patenè-refleksyon" sou estrateji kominikasyon men an menm tan tou kòm "patenè-refleksyon" pou Responsab Pwogram yo pandan yo ap konseptyalize epi egzekite estrateji fondasyon an pou bay sibvansyon.

Kandida ideyal sila a dwe genyen yon lisans nan journalism, kominikasyon, bèlezatizay, maketing, oubyen nan yon domèn ki sanble sa yo epitou dwe genyen omwen wit (8) an eksperyans nan kominikasyon ak yon ajans, antrepriz, publikasyon oubyen yon òganizasyon ki ap fè zèv. Il ap angaje li pou fè chanjman sosyal vanse ak yon enterè espesyal nan misyon fondasyon an pou kreye kominote ki an sante pou timoun ak fanmi yo, epitou yon anvi pou randre nan nouvo modèl an rezo fondasyon an ki depann sou ekip ki ajil epi ki ap kolabore. Pi enpòtan toujou, li dwe genyen konesans sou rejon an ki enpòtan parapò ak Ayiti epi/oubyen Meksik, met sou li epi sitou mikwo rejon yo kote fondasyon an angaje li, ki vle di *Chiapas*, Penensil *Yucatán* lan, epitou zòn *Plato Santral* ak nan sid peyi Dayiti. Anplis sa, li ap genyen yon eksperyans demontre nan tabli patenarya ak dirijan fondasyon yo pou kreye materyèl pou yon pakèt sipò; kapasite pou analize epi tradui done brit epi/oubyen enfòmasyon teknik; kapasite pou tradui yo nan yon langaj moun kapab konprann pou plizyè kalte publik; epi bon jan konpreyansyon sou teknoloji dijital aktyèl yo pou maketing, tandans yo nan endistri yo, epitou taktik pou angaje publik yo. Reyisi nan yon òganizasyon an rezo mande



pou chak mamm nan yon ekip genyen anpil motivasyon ak bon sans, konsantre li sou rezulta yo epi genyen kapasite pou li adapte li. Kandida ideyal la ap fleksib, ap genyen motivasyon pèsonèl li, epitou ap kapab jwenn ekilib pou kokenn chenn angajman nan tout de (2) peyi yo ekip la ap sèvi. Il ap pote pasyon, matirite, kreyativite epi respè nan wòl Responsab Kominikasyon an.

Responsab Kominikasyon sila a ap baze nan peyi Meksik oubyen Ozetazini epi pral vwayaje regilyèman pou ale Meksik, Ayiti ak Ozetazini pou travay dirèkteman avèk Ekip Pwogram yo nan twa (3) peyi yo. Kandida yo dwe kapab vwayaje anpil (jiska 50% nan tan yo) epi fòk yo konn byen pale angle, ansanm ak youn (oubyen de (2)) nan lang ki vin apre yo: kreyòl ayisyen, epi/oubyen panyòl.

Se konpayi rechèch [NPAG](#) ki ap asiste Komite rechèch la. Tanpri gade enstriksyon yo sou fòmilè kandida yo nan fen dokiman sila a.

YON TI RALE SOU ÒGANIZASYON AN, ISTWA LI AK MISYON LI

Nan lane 1930, Will Keith Kellogg ki te yon pyonye pou sereyal kòm manje maten, te fè kado \$66 milyon nan aksyon konpayi Kellogg la ansanm ak lòt envestisman “pou ede moun ede tèt yo,” se konsa li te lanse Fondasyon W.K. Kellogg la. Fondasyon an te kòmanse travay li nan Michigan, men nan lane 1940 yo, li te etann travay li nan entènasyonal la epi te ap pote bon jan inovasyon nan domèn tankou sante timoun ki ap viv andeyò, entegrasyon timoun andikape, epitou devlòpman pwofesyon swen sante a. Lè 50 lane anivèsè li te rive, fondasyon an te pamí pi gwo òganizasyon filantwopik prive yo sou latè.

“Fondasyon W.K. Kellogg la sipòte timoun, fanmi ak kominote pandan yo ap ranfòse epi kreye kondisyon ki pouse timoun vilnerab pou yo reyisi kòm moun epitou pou yo pote kontribisyon yo bay rès kominote a ansanm ak sosyete a.”

Pou fè misyon sila a vanse, Fondasyon W.K. Kellogg kreye yon kad ki jwenn sipò yon konsepsyon òganizasyonèl inovatif ki baze sou yon matris pou priyorize desizyon envestisman yo epi maksimize efikasite pou reyalize rezulta eskonte yo epi amelyorasyon yo pou timoun ak fanmi yo. Nouvo kad sila a sipòte chwa ki fèt ak disiplin pou rezulta byen sible epi yon aliyman ranfòse nan tout pwogram yo. Se yon apwòch fokalize epi ki an rezo pou yon pwogramasyon estratejik ki depann sou yon kolaborason transvèsal sere anndan fondasyon an epitou sou ekip ajil [pou maksimize kapital imen ak resous konesans] pou fè yon enpak pozitif sou timoun, fanmi ak kominote ki vilnerab yo. Nan tout kokenn chenn travay li, fondasyon an pral genyen aksè a yon gam zouti pou pote chanjman – mekanism pou bay sibvansyon, envestisman pou fè enpak, emisyon kontra, rezotaj ak rasanbleman – pou asire pwogrè. Egalite nan mitan ras yo, angajman kominotè ak devlòpman lidèchip byen makònèn nan chak demach yon fason ki esansyèl pou kreyasyon yon kontèks sosyal kote tout timoun kapab boujonnen, sitou sa ki pi vilnerab yo.

KOMINIKASYON YO NAN FONDASYON AN

Ekip komunikasyon an jwe yon wòl santral pou elve estrateji fondasyon an epitou pou angaje tout kalte pati enterese yo sou kesyon finansman, priyorite pwogramatik yo, benefisyè yo epi patenè yo pou publik ki se priyorite yo, sa ki vle di staf anndan fondasyon an, moun ki ap chèche sibvansyon, benefisyè yo, desidè politik yo, lidè ki ap dirije ak fason yo panse, lidè ak manm kominote, fondasyon ki parèy ak W.K. Kellogg yo, medya yo, moun ki ap chache travay ak publik la an jeneral. Gwo kokenn chenn sitwèb fondasyon an se platfòm santral la pou komunikasyon yo avèk objektif global pou prezante benefisyè yo, pataje lesón ki aprann yo, ankouraje konvèrsasyon epi fè misyon fondasyon an vanse.



PWOGRAM MEKSIK AK AYITI YO

WKKF te kòmanse tabli patenarya nan peyi Meksik nan lane 1940 yo pou amelyore byennèt kominote andeyò yo ak kominote endijèn yo ki pi vilnerab nan peyi a. Kwayans fondamantal pou travay WKKF la nan peyi Meksik se patisipasyon aktif ak enklizif esansyèl pou kreye kondisyon kote timoun ak fanmi yo kapab boujonnen. Jounen Jodi an jefò fondasyon an konsantre yo sou de (2) rejyon nan peyi a kote lamizè a patikilyèman wo, zòn ki nan mòn Chiapas yo epi zòn anndan yo nan Penensil Yucatán lan. WKKF travay kole sere ak kominote endijèn maya yo, tzotzil yo epi teztal yo sou envestisman global nan edikasyon, sante, ak sekirite ekonomi fanmi. Pou rive kenbe ak kwayans fondamantal sila a pou angajman aktif epi enklizif, fondasyon an tabli patenarya ansanm ak lidè epi manm nan kominote endijèn yo pou kreye plan ki tabli vizyon pou gide jefò sila yo. Jefò ki pi resan yo genyen pami yo estrateji entèvansyon ak òganizasyon kominotè yo ki baze sou amelyore sekirite manje nan amenaje teritwa a, kreye obsèvatwa kominotè nan Chiapas pou veye epi evalye desizyon nan minisipalite yo ki afekte rezidan endijèn yo, epi yon pwogram nan Yucatán lan ki fòme fanm nan diferan aktivite pou ogmante kantite lajan ki ap rantre pou fanmi a.

WKKF kòmanse travay Annayiti nan lane 1950 yo, anvan, gras ak pwogram bous, epi apre sa ak kokenn chenn pwogram sibvansyon. Envestisman fondasyon an fè nan moman an, nan sante, aktivite pou jenere lajan, epi nan edikasyon, baze nan de (2) mikwo rejyon Annayiti: zòn Plato Santral la epi koridò Sidwès la. Jefò WKKF yo nan sante konsantre yo sou amelyore akouchman ki fèt nan bon jan kondisyon epi premye devlòpman yo kay manman ak ti bebe ansanm ak swen amelyore pou manman ak timoun pou redui mòtalite timoun ak manman, epi ogmante aksè a dlo potab epi manje sen pou amelyore nivo nitrisyon kay timoun epi fè prevansyon maladi. Pòtfèy fondayson an pou aktivite ki pou jenere lajan Annayiti konsakre pou amelyore pwodiksyon agrikòl la epi devlope pwodui agrikòl yo, envesti nan chenn valè ki pwomèt, epi devlope mikwo antrepriz divès epi ki dirab ki ale pi lwen pase agrikilti. Lekòl nan kominote andeyò yo Annayiti pa fasil pou jwenn, epi sa ki egziste yo, souvan yo pa suiv ankenn règleman epi yo san estrikti. Youn nan priyorite pòtfèy edikasyon WKKF la se ogmante kantite pwofesè kalifye ki disponib pou elèv nan kominote andeyò yo. Etap preliminè sila a esansyèl pou ogmante kantite elèv ki ap resevwa yon edikasyon kalite.

OPÒTINITE AK DEFI RESPONSAB KOMINIKASYON AN PRAL FÈ FAS A YO

Nouvo Responsab Kominikasyon an pral genyen responsabilite egzekisyon efikas objektif kominikasyon entèn ak ekstèn fondasyon an nan asire integrasyon pèspektiv Pwogram Amerik Latin ak Karayib (*LAC*) li yo. Nan travay nan yon ekip ki ap genyen nan tèt li Visprezidan Kominikasyon an, epitou nan fè rapò bay Direkèt Kominikasyon an epi Direkèt Pwogram yo pou Amerik Latin ak Karayib la, li pral kolabore ak staf pwogram yo pou li elve estrateji finansman *LAC* yo, priyorite pwogramatik yo, benefisyè yo ak patenè yo yon fason apwopriye pou publik ki priyorite yo.

Pou pi presi toujou, Responsab kominikasyon an pral:

Mete li an patenarya ak VP kominikasyon yo sou tout longè estrateji kominikasyon fondasyon an epi objektif yo pandan li ap konseptyalize estrateji sa a tou pou li ka fè enpak sosyal pwogram yo vanse Annayiti ak nan peyi Meksik. Nouvo Responsab Kominikasyon an ap yon patenè-refleksyon, ki angaje li fon nan prepare epi pataje nyans yo nan istwa WKKF la – spesifikman kijan istwa sila a sibi enfliyans benefisyè yo, kominote yo, epi pwogramasyon nan peyi Meksik ak Ayiti. Nouvo responsab Kominikasyon an pral asire materyèl ki ap



redije yo epi pou inisyativ komunikasyon rejyonal yo sipòte tout estrateji komunikasyon an ak misyon an epi valè fondasyon an epi pou yo reflete kolaborasyon kole sere nan mitan lidèchip fondasyon an nan *Battle Creek* ekip pwogram lan nan peyi Meksik ak Ayiti.

Kreye yon kad komunikasyon pou chanje jan moun rakonte istwa yo epi ann dan kominote yo nan mikwo rejyon kote fondasyon an ap travay. Nouvo Responsab Kominikasyon an pral genyen responsabilite pou drese yon istwa pozitif ki se reflè angajman WKKF pou solisyon kominote a pote epi valè li yo, istwa rich epi konplèks epi tout kalte kilti ak lang nan rejyon Chiapas yo nan peyi Meksik, nan Penensil Yucatán lan epi nan zòn Plato Santral ak Sid peyi Dayiti. Li pral travay kole sere ak ekip *LAC* la pou ranfòse bon jan relasyon ak patenè kominotè kle yo, benefisyè yo, epitou lòt pati enterese esansyèl yo, yon jan pou devlope yon konprevansyon pwofon epi dirab sou pwoblèm kritik yo epi tandans yo timoun ak kominote yo nan peyi Meksik ak Ayiti ap fè fas a yo. Li pral asire li tout pwodui komunikasyon yo se yon reflè priyorite yo, kilti yo ak istwa rejyon yo epitou sipòte an menm tan tou *LAC* la ansanm ak pi gwo objektif fondasyon an.

Kenbe relasyon sere kote kolaborasyon an fèt nan de (2) sans yo avèk lidèchip fondasyon an, ekip pwogram yo epi gwoup travay yo ki baze nan syèt sosyal la pou kontinye ak avansman epi rafinman devlopman estrateji pwogramasyon an. Responsab Kominikasyon yo nan fondasyon an sèvi wòl vwa entegral nan estrateji pou bay sibvansyon yo epitou yo pral patisipe nan reyinyon pwogram yo epi ofri sipò bay Responsab ak Direktè Pwogram yo pandan yo ap develop epi egzekite objektif yo nan pòtfèy la.

Sipòte angajman fondasyon an sou rezo sosyal yo pou fè efikasite ekosistèm dijital la vanse. Nouvo Responsab Kominikasyon an pral sipòte ekip Kominikasyon Dijital la pandan li ap fè konsepsyon epi devlope materyèl ki optimize pou platfòm rezo sosyal yo. Sa pral vle di, enfòme ekip la sou zouti espesifik ki apwopriye pou peyi yo epi platfòm ki devlope prezans fondasyon an nan rejyon yo ansanm ak estrateji pwogramatik li.

KALIFIKASYON YO POU KANDIDA IDEYAL LA

Pandan se vre se pa yon sèl moun lan ki pral kapab pèsonifye tout kalite yo ki sot site pi wo yo, kandida ideyal la ap posede plizyè nan kapasite pwofesyonèl ak pèsonèl, atribisyon ak eksperyans ki pral suiv yo:

- Yon diplòm lisans oswa yon ekivalan nan jounalism, komunikasyon, relasyon publik, maketing osnon nan yon domèn ki parèy, plis pase wit (8) ane eksperyans ap fè travay ki genyen rapò ak komunikasyon nan yon ajans, yon antrepriz oubyen nan yon òganizasyon ki ap fè zèv.
- Konpetans eksepsyonèl pou kominike alekri epi aloral avèk yon nivo fasilitè pwofesyonèl pou pale nan lang angle, *plis youn (oubyen de (2)) nan lang sila yo: kreyòl ayisyen epi/oubyen panyòl*. Fasilitè oubyen konesans pou travay ak Maya, Tzeltal, Tzotzil, epi/oubyen Franse se yon avantaj.
- Familyarite avèk mikwo rejyon yo nan peyi Dayiti ak Meksik, kote fondasyon an ap travay aktyèlman, sa ki vle di yon pèspektiv sofistike epi ki genyen nyans sou istwa, kilti yo, lang yo ak wòl gouvènman an, òganizasyon entènasyonal yo, ak lòt aktè ki soti deyò yo vin jwe nan rejyon yo.
- Angajman pou fè chanjman sosyal vanse epi yon enterè patikilye pou estrateji fondasyon an pou bay sibvansyon pou kreye kominote ki an sante pou timoun ak fanmi yo; angajman pou reyalize egalite nan mitan ras yo epi konprann kijan sa manifeste li nan diferan rejyon yo ak peyi yo.



- Yon eksperyans reyisi ki demontre nan fè entèvyou epi nan rakonte istwa nan lang angle, kreyòl ayisyen epi panyòl, sa ki vle di ekri istwa, ekri pou jounal, pou blòg, edisyon epi konseptualizasyon long.
- Yon eksperyans ki demontre nan tabli patenarya ak kòlèg yo epi lidèchip òganizasyon an pou rasanble enfòmasyon brit epi tradui enfòmasyon sila a an materyèl miltimedya ki aksesib pou tout kalte piblik.
- Kapasite pou sistematikman kreye materyèl bon jan kalite (sa ki vle di men ki pa limite a: kominike pou laprès, publikasyon sou blòg, fonksyonnalite pou sitwèb WKKF la, eskrip, tèks opinyon, istwa ki long epi lòt zouti pou kominike avèk benefisyè yo epi kominote patenè yo) yon fason ki endepandan epi/oubyen an patenarya ak kòlèg yo.
- Genyen lespri yon antreprenè; yon moun ki chaje inisyativ ki an menm tan tou se yon lidè ki genyen gwo motivasyon, ki ap chache rezulta nan kolabore, ki travay byen nan ekip ak fonksyon transvèsal; ki ekilibre, ki genyen detèminasyon, epi yon moun lòt moun kapab depann sou li, ki panse ak kreyativite, ki abòde travay li ak respè, epi ki angaje li pou bay rezulta ak bon jan kalite pou gwo pwojè epi travay chak jou.
- Eksperyans nan dirije epi/oubyen nan kolabore ak yon ekip komunikasyon dijital ak yon kokenn chenn konesans sou taktik ak tandans dijital epi angajman sou rezo sosyal yo pou piblik nan peyi Etazini, Meksik ak Ayiti.
- Kapasite pou patisipe aktivman nan rezoud pwoblèm, reyaji ak pozitivite epi rapidite pou chanje dinamik yo; bon jan kapasite pou chache solisyon ak konpetans pou rete fleksib epi kenbe lespri li ouvri parapò a chanjman kantite travay la anndan fondasyon an; kapasite pou travay byen anba presyon ak delè sere epi yon kapasite demontre pou apwoche defi yo kè pòpòz epi avèk diplomasi.
- Egzijans pou li genyen yon òtograf, gramè ak ponktyasyon san fot, epi konpetans nan komunikasyon aloral epi alekri; kapasite pou travay yon fason endepandan, jere plizyè pwojè ak plizyè delè ak priyorite, egzèse yon bon jijman epi konpetans pou fè plizyè bagay an menm tan.
- Kapasite ak volonte pou vwayaje anpil nan zòn andeyò yo nan peyi Dayiti, Meksik menm jan ak vwayaj regilyèman pou ale *Battle Creek, MI*, Ozetazini.

FÒMILÈ KANDIDA YO AK NOMINASYON YO

Nou kapab jwenn plis enfòmasyon sou Fondasyon W.K. Kellogg la sou <http://www.wkkf.org>.

Nou dwe voye fòmilè kandida a, ansanm avèk yon lèt ki dekri enterè ak kalifikasyon li yo, CV (an fòma Word), epi enfòmasyon sou kibò li te pran konesans pòs la sou: WKKF-COLAC@nonprofitprofessionals.com

Se konpayi rechèch NPAG ki ap dirije rechèch pou kandida a. Poutèt jan rechèch sila a ap fèt vit la, nou ankouraje kandida yo pou yo fè demann yo kou yo kapab. Enskri non nou (siyati, non) kòm sèl enfòmasyon nan liy sijè a nan imel nou.



*Fondasyon W.K. Kellogg se yon patwon ki ankouraje egalite chans
epi ki genyen fyète nan valorize divèsite.*

Nou ankouraje kandida ki genyen tout kalte eksperyans pou yo voye fòmilè kandida yo.